

*Priyatno  
29/3*  
Serie No. 1257

# BRATAJOEDA

INGKANG ANGGANTJARAKEN

R. Ng. KARTAPRADJA



BALÉ POESTAKA  
BATAVIA-C.  
1937.

*Wewenangipoen ingkang ngarang kaajoman mitoeroet  
Angger ingkang kapatjak ing Staatsblad 1912 No. 600*

### BEBOEKA.

Ingkang saged mastani oetawi ngraosaken manawi serat: Bratajoeda poenika saé, poenika inggih namoeng tijang ingkang saged maos serat waoe, ngretos dateng basanipoen oetawi ngretos dateng sekaripoen.

Toemrap djaman samangké tijang ingkang ngretos kados makaten waoe nama langka, saja malih ngèngeti kirang soemebaring tjarijos. Mila inggih boten anggoemoenaken manawi dereng badé ambikak serat Bratajoeda poenika kenging dipoen wastani boten wonten.

Balé Poestaka ngedalaken serat Bratajoeda gantjaran, tetilaranipoen R. Ng. Kartapradja, goeroe basa Djawi ing pamoelangan tjalon goeroe ing Soerakarta djaman kina, ingkang ladjeng kaetjapaken dateng toewan C. F. Winter, poenika inggih mengkoe kadjeng kekalih :

1. njoemerepaken tijang kañah dateng isinipoen serat Bratajoeda ;
2. awit saking soemerep waoe ladjeng toewoeha kepénginipoen maos seratipoen ingkang bakoe.


Moegi-moegi kadjengipoen Balé Poestaka ingkang kados makaten waoe angsala pambijantoenipoen para sepoeh, karsa meméngin para nénéman ingkang sampoen wantji, samangsa mranggoeli lelampahan oetawi tjetjrijosan ingkang wontenipoen ing seratipoen bakoe kaandaraken ngantos saé, mangka wontenipoen ing gantjaran namoeng katjekak, ladjeng ngandikaa makaten :

„Wah lah koewi ana ing lajangé bakoe tjritané betjik banget, mangkéné .....

Sarana lampah makaten, para nénéman boten namoeng badé wewah seserepanipoen ing bab tjarijos kémawon, nanging oegi badé toewoeh derengipoen marsoedi dateng basanipoen pijambak.

Moegi kabuela

BALÉ POESTAKA.



Ingkang binobot ing boedi sarta linampahan sapitedahipoen, inggih namoeng sang praboe ing Dwarawati.

## 1. , PRABOE KRESNA DATENG NGASTINA, NGREMBAG PALIHAN NAGARI, BOTEN ANGSAL DAMEL.

Sang praboe Djajabaja ing Kadiri misoewoer kekah adilipoen. Prabawanipoen oepami kados padanging srengéngé ing mangsa katiga. Pandjenenganipoen kinèringan ing sesamining ratoe, awit saking kaprawiranipoen ing paprangan. Boten wonten nimbangi. Para ratoe ingkang noenggil djaman akalijan praboe Djajabaja kaoepamèkaken remboelan, praboe Djajabaja ingkang minangka srengéngé, sorotipoen angoetjemaken padanging remboelan.

Praboe Djajabaja waoe kagoengan abdi djoeroe panganggit, anama Empoe Sedah, poenika kakarsakaken nganggit serat Bratajoeda, panganggitipoen kala ing taoen 1079. Wondéné ingkang katjarijosaken roemijin :

\* \*

Sang praboe Joedistira sasentananipoen sami kalempakan wonten ing nagari Wirata, sarta ambekta pradjoerit sadedamelipoen ing prang. Praboe Kresna ing Dwarawati sabalanipoen inggih wonten ing ngrikoe. Karsanipoen praboe Joedistira bađé mangoen perang moendoet kagoenganipoen nagari ing Ngastina ingkang sapalih. Wondéning ingkang binobot ing boedi sarta linampahan sapitedahipoen ing prakawis ageng waoe, inggih namoeng sang praboe ing Dwarawati. Akaňah para ratoe, pepakan wonten ing Wirata, ingkang sami roemodjong ing perang, amoerih kamoeljaning pedjah. Ing nagari Ngastina inggih kaňah para ratoe Djawi oetawi saking tanah Sabrang, sami kalempakan sabala saha dedameling perang, inggih soemedja ngoepados kamoeljaning pedjah.

Praboe Joedistira angandika doemateng praboe Kresna : „Kakang praboe, ingkang minangka panoentoen koela, koela bađé aneda kagoengan koela nagari ing Ngastina ingkang sepalih ; poenika koela soemangga ingkang dados panggalih oetawi pratikel sampéjan, amoerih prajoginipoen ingkang bađé linampahan.”

Praboe Kresna amangsoeli pangandika: „Jèn makaten karsané jaji praboe, inggih boten wonten sajoginipoen kedjawé kagalih wiloedjengipoen, amoerih loeloes saéning akekadang. Koela ingkang bađé loemampah, aneda sapalihipoen nagari ing Ngastina.”

\* \*

Praboe Kresna ladjeng andawahaken paréntah, karsa tindak doemateung nagari ing Ngastina, badé amoendoet sapalihing nagari. Anoenten bala sami dipoen oendangi, sang nata nitih rata, radèn Setyaki andérèk.

Saking rikating rata, tindakipoen praboe Kresna sampoen doemoegi sadjawining kiتا. Boten antawis dangoe nagari ing Ngastina sampoen katingal. Sakaṭahing kalangenan oeroet margi ingkang dipoen ambah déning praboe Kresna, semoenipoen sami prihatos. Ébahipoen godonging oewit wringin, semoenipoen kados tijang djaler kasoesahan, boten dipoen timbangi tresnanipoen dateng ingkang èstri. Poetjaking gapoera èmperipoen kados angadjeng-adjeng énggalé rawohipoen praboe Kresna. Baoenipoen ing gapoera, kados badé njembah doemateung ingkang rawoeh. Epaling wit tjepaka sapinggairing margi, katempoeh ing angin, semoenipoen kados astanipoen dèwi Banowati, angawé-awé badé pitakèn dateng praboe Kresna, poenapa radèn Djanaka andérèk. Swaraning ratanipoen sang nata, sarta gebjaring sesotya rerengganipoen, kados anjaöeri sarta angoedjiwati ingkang pitakèn ; wondéning saceripoen : „Si Djanaka ora miloe ngiring, isih kari ana ing Wiraṭa ; kadang-kadangé sidji ora ana kang miloe.”

Epang kanginan èmperipoen kados tijang méngó, boten kadoegi ing wangsoelan waoe ; awit radèn Djanaka boten andérèk dateng nagari ing Ngastina, andjabel nagarinipoen.

Sekar-sekar ing margi èmperipoen kados badé rentah ing djoerang. Wit-witan ingkang wonten pinggir margi katempoeh ing angin, godongipoen abosah-basih, semoenipoen kados tijang prihatos, déné Pandawa boten toemoet.

Tjoetjoer moengel menggah-meggah, semoenipoen kados tijang adjrih. Wonten sekar poedak rentah ing séla, semoenipoen prihatos, awit déning radèn Djanaka boten toemoet andérèk.

Lawa goemandoel wonten ing epang, kebet-kebet kados toemoet sedih. Jén sageda witjanten, wiraosipoen makaten : „Jagéné Pandœpoëtra ora miloe rawoeh andjabel nagarané déwé ?”

Sekar tandjoeng anggoelasah wonten ing margi, semoenipoen kados toemoet sedih. Brengengenging kombang ingkang ngoepados sekar, oetawi ingkang anoit oenþeeking toja, kados anangis toemoet prihatos, déné sang Danandjaja boten andérèkaken tindakipoen praboe Kresna.

Loemoet aking toemèmplèk ing séla, semoenipoen kados tijang èstri kalenger, amargi kédanan sang Danandjaja.

Akaṭah kalangenan ing pinggir margi, oetawi pinggiring rawi ingkang angèmper-èmperi prihatos. Kapandjangan jén katjariosna sadaja.

\* \* \*

Tindakipoen praboe Kresna sampoen doemoegi ing Tegal Koeroë, anoenten wonten djawata sakawan tedak, anama : Djanaka, Rama Parasoe, Kanwa sarta Narada, badé ambijantoni lampahipoen sang nata. Praboe Kresna kagèt mirsa wonten déwa anedaki, ladjeng mingser toemoet lengkah koesiripoen. Déwa sakawan sami lengkah salebetting rata. Sareng sang nata sampoen njembah, djawata sakawan angandika: „Sang nata, sampoen kasesa ing lampah, koela badé toemoet ing salampah andika.”

Anoenten rata dipoen rindikaken, samargi-margi sang praboe agineman kalijan déwa sakawan. Wondéning ingkang dipoen rembag, prajogining lampah, saha saéning kadadosanipoen ing prakawis.

\* \* \*

Sang praboe Soejoedana ing Ngastina sampoen miðanget, bilih praboe Kresna sampoen doemoegi ing Tegal Koeroë. Ladjeng andawahaken paréntah, sakaṭahing leloeroeng andikakaken anggelari sindjang, andjog ing sitinggil, doemoegi korining kadaton ingkang djawi. Sarta para pinisepoeh kaðawahan amètoek. Wondéning ingkang kapatah amètoek waoe: Bisma, Droena, Destarata; poenika sami soeka ing batos, déné praboe Kresna ingkang loemampah badé andjabel nagari ; anjipta jén praboe Soejoedana amestí badé ngoeloengaken. Ananging praboe Soejoedana akalijan patih Sangkoeni sami kewedan, awit praboe Kresna sampoen kalihi-kalihih-ngatoenggil kalijan Pandawa. Anoenten Korawa sami ngalempak wonten salebetting kadaton.

\* \* \*

Lampahipoen praboe Kresna angantjik kikising nagari Ngastina. Ratanipoen karindikaken. Aramé swaranipoen tetijang ingkang sami amètoek, oetawi ingkang sami anonton. Tijang sangan-gari Ngastina ébah sadaja, saking kapénginipoen badé aningali praboe Kresna. Ageng-alit pating baleber; djedjel titip atimboen pinggiring margi ; adjrih manawi kasèp ing langkoengipoen sang nata.

Ingkang sami meoek waoe sampoen pepanggihan kalijan praboe Kresna, sang nata ladjeng dipoen atoeri loemebet doemateng kađaton. Wondéné para ratoe sampoen tata pinarak wonten salebetung kađaton. Praboe Salja inggih sampoen rawoeh, arja Widoera, adipati Ngawangga, Karpa, arja Sidoeredja, Joejoet-soeh, sami anđér wonten ngarsanipoen praboe Soejoedana. Anoenten para pinisepoeh ingkang kaoetoes meoek waoe sami dateng ngroemijini. Boten antawis dangoe praboe Kresna rawoeh, tedak saking rata kalijan djawata sakawan. Para Korawa sami ngadeg angoermati. Sang nata akalijan djawata sakawan dipoen atoeri pinarak dateng praboe Soejoedana. Para pinisepoeh koemroebot ingkang sami ambagèkaken. Anoenten pasegah soemaos. Pangandikanipoen praboe Soejoedana : „Kakang praboe ing Dwarawati, soemangga koela atoeri dahar, minangka djedjampining sajah.”

Praboe Kresna amangsoeli : „Jaji praboe, sakalangkoeng-langkoeng pamoendi koela. Pasegah pinanggih ing wingking, bilih padamelan sampoen rampoeng.”

Soejoedana ngandika malih : „Déné mawi wigih-wigih, kakang praboe, anampik pasegah koela.”

Kresna amangsoeli : „Gampil, jaji praboe, pinanggih ing wingking kémawon.”


Praboe Kresna soeka ing galih aningali para ratoe ingkang sami pepakan wonten ing kađaton, oetawi para sepoeh ingkang sami sowan. Anoenten pamit ing praboe Soejoedana badé masanggrahan roemijin. Praboe Soejoedana amangsoeli : „Soemangga ing karsa, kakang praboe, ratoe bidjaksana ing sadjagat.”

Praboe Kresna amangsoeli : „Moegi-moegi jaji praboe amanggiha soeka, sijosa padamelan ingkang koela lampahi, wiloedjenga ing kadadosanipoen !”

Praboe Kresna sareng sampoen doemoegi ing djawi, matoer dateng djawata sakawan : „Koela bađé masanggrahan roemijin. Béndjing-éndjing kémawon koela mratélakaken preloeniopoen lampah koela miriki.”



Praboe Kresna andjoedjoeg panggénanipoen ingkang bibi dèwi Koenți ; ladjeng anjoengkemi sampéjanipoen. Dèwi Koenți moewoen, tjiptaning galih prasasat kapanggih kalijan Pandawa. Toe-moenten amratélakaken sekeling galih, bab prakawis ingkang



Retna Banowati galak oelat, manis pamoe-  
loe, dedeg sembada .....